

**CITRANE WANITA MANDHIRI SAJRONE NOVEL KENDHAGA BENTHET  
ANGGITANE TULUS SETIYADI  
(TINTINGAN FEMINISME)**

**Everyana Murenda**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya,  
everyanamurenda@gmail.com

**Prof. Dr. Darni, M.Hum**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya,  
darniunesa@gmail.com

**Abstrak**

Mbarengi lakune jaman sing sangsaya modhern akeh ditemoni wanita kang nduweni pangaribawa gedhe tumrap ngrembakane jaman. Bab kasebut bisa dideleng saka wanita kang nduweni pakaryan lan kabuki mumpuni sajrone bidhang kang diayahi. Wanita bisa nduweni kalungguhan kang padha dene priya saengga bisa nyukupi kabutuhane dhewe lan ora gumantung marang wong liya. Saliyane kuwi wanita bisa nemtokake kaputusan kanggo panguripane dhewe tanpa unsur kapeksan saka wong liya. Wanita kang kaya mangkono diarani wanita mandhiri. Topik ngenani wanita mandhiri narik kawigaten nganti weneh pangaribawa tumrap pangrembakane karya sastra. Salah sijine karya sastra kang nyitra wanita mandhiri yaiku novel kanthi irah-irahan *Kendhaga Benthet* anggitane Tulus Setiyadi. Adhedhasar andharan kasebut panliten iki nduweni telung underan yaiku (1) Kepriye citrane wanita mandhiri ing bab pakaryan, (2) Kepriye citrane wanita mandhiri ing bab neningkahan, lan (3) Kepriye citrane wanita mandhiri ing bab kulawarga. Saben-saben glintiran underan kasebut bakal kapantha maneh miturut wujud, motif, pepalang, lan cara mungkasi prakara kang tuwuh. Panliten iki nduweni tujuwan kanggo ngandharake citrane wanita mandhiri ing bab pakaryan, neningkahan, lan kulawarga dideleng saka wujud, motif, pepalang, lan cara mungkasi prakara sajrone novel *Kendhaga Benthet*. Novel *Kendhaga Benthet* iki bakal dionceki kanthi tintingan feminism. Panliten iki kalebu jinis panliten dheskriptif kualitatif. Dhata sajrone panliten iki arupa tembung lan ukara sajrone novel *Kendhaga Benthet* anggitane Tulus Setiyadi. Dhata kang wis dikumpulake kanthi teknik maca, cathet, lan panglompokan diolah kanthi methodhe dheskriptif analitis kanthi cara njlentrehake data banjur dianalisis nganggo tintingan feminism. Asil panliten iki nuduhake citrane wanita mandhiri ing telung aspek, yaiku (1) Ing bab pakaryan kang ditengeri saka paraga utama wanita nduweni pakaryan dhewe minangka juru warta, (2) Ing bab neningkahan bisa katitik saka anggone mangun bale wisma ora jalaran dijodhokake, lan (3) Ing bab kulawarga kabuki saka kasil mulyakake wong tuwane jalaran paraga utama wanita minangka anak ontang-anting kang nduweni tanggung jawab tunggal tumrap mulyane wong tuwa.

**Tembung wigati: citra wanita, mandhiri, feminism.**

**Purwaka  
Landhesan Panliten**

Wanita lan priya mujudake makhluk kang cipta nduweni kaluwihan lan kakurangane dhewe-dhewe. Wanita nduweni trah sing beda karo wong lanang. Tuladhane yaiku priya nduweni sifat luwih kuwat tinimbang wanita yen dideleng saka aspek biologis. Bab kasebut njalari tuwuhe stereotip ing satengahing masyarakat kang nganggep wong lanang nduweni daya kang luwih tinimbang wanita (Fakih, 2013:81). Mula saka kuwi banjur ana pamikiran yen wanita perlu dilindhungi. Kahanan kasebut nuwuhake anane subordhinasni wanita kang mapanake wanita ing posisi kang luwih asor tinimbang priya (inferior). Wanita ora nduweni kabebasan kanggo ngatur awake dhewe lan kegiyatane kaya-kaya diwatesi.

Akibate peran wanita ing bidhang publik asring ora dianggep wigati amarga wanita kang dianggep mung cocog ngurusni kulawarga lan sektor dhomestik wae.

Anggepan yen wanita ora nduweni peran kang wigati sajrone bidhang publik dilandhesi saka anane konsep gender lan patriarki. Gender yaiku sifat kang raket ing priya utawa wanita kang diwujudake miturut konstruksi sosial lan kultural. Anggepan kasebut nduweni pangaribawa tumrap wanita kang luwih ora digatekake ing satengahe masyarakat. Patriarki mujudake ideologi yen kaum priya ditakdirake nduweni daya luwih lan bisa ngatur panguripane wong wadon. Kasunyatan kasebut pranyata nuwuhake gegayutan kang ora seimbang. Kaya kang diandharake Darni (2015:17) sajrone

ideologi patriarki tuwuhan sesambungan kang ora seimbang. Priya manggon ing ndhuwur lan dadi pihak kang nguwasan (dominan) dene wanita minangka pihak subordinatif.

Novel bisa ngandharake bab-bab kang luwih amba, njlimet, lan komplek tinimbang cerkak (Nurgiyanto, 2007: 11). Karya sastra kang awujud novel minangka salah sawijine crita fiksi kang kawangun saka unsur intrinsik lan ekstrinsik. Unsur intrinsik kang mangun sajrone novel kayata plot, tema, panyandrane paraga, lan lelandhesan kang luwih rinci sarta komplek. Dene unsur ekstrinsik novel ngenani psikologine pangripta lan pangaribawa saka masyarakat sakupenge pangripta kasebut. Novel karya sastra Jawa modern uga akeh kang antuk pangaribawa saka kahanan budaya. Akeh pangripta kang bisa ngasilake novel basa Jawa kanthi tema-tema sosial kang gegayutan karo prakara wanita. Salah sawijine pangripta kang weneh sumbangan ing jagading kasusastran Jawa yaiku Tulus Setiyadi. Senadyan Tulus sejarah pendhidhikane ora nduweni gegayutan kalawan sastra utawa basa Jawa nanging nduweni darbe kang gedhe tumrap jagading kasusastran Jawa. Tulus minangka pangripta kang prodhuktif banget amarga ing setaun bisa ngasilake patbelas novel basa Jawa lan ing taun 2017 antuk anugrah SUTASOMA saka Balai Bahasa Jawa Timur arupa karya sastra dhaerah paling apik. Tuladha reriptane ing jagad kasusastran yaiku *Sangkrah* (antologi geguritan lan cerkak), *Gunung Budheg Nyimpen Wadi* (antologi cerkak), dene novel kayata *Gogroke Reronce Kembang Garing, Ontran-Ontran Sarinem, Cinencang Lawe, Mintarsih Ledhek pepujanku* Isp. Tuladhane novel anggitane Tulus kang ngangkat perjuwangane wanita mandhiri kanthi irah-irahan Kendhaga Benthet. Novel kang diripta ing jaman modhern ndadekake tema novel uga ngangkat tema perjuwangane wanita ing jaman modhern sing ora maneh dikungkung kabebasane.

Novel kasebut nyritakake pawongan sing jenenge Wika minangka paraga utama wanita kang nduweni peran luwih saka siji sajrone panguripane. Peran kasebut yaiku Wika minangka anak ontang-anting, Wika dadi ibu sing anak-anake isih cilik, lan peran minangka juru warta. Senadyan Wika nduweni bojo kang nyambut gawe Wika tetep ngayahi nyambut gawe dadi juru warta. Awit saka peran lan tanggung jawab kang kudu dilaksanani ndadekake dheweke wanita sing mandhiri. Mula kanggo nnonceki prakara sajrone novel digunakake tintingan Feminisme kanthi irah-irahan panlitén *Citrane Wanita Mandhiri sajrone Novel Kendhaga Benthet Anggitane Tulis Setiyadi: Tintingan Feminisme*. Panlitén iki sangertine

panlitén kalebu kang durung tau ditindakake jalaran durung ana kang nliti citrane wanita mligine ing babagan pakaryan, neningkahan, lan kulawargane.

### Underan Panlitén

Adhedhasar landhesan panlitén ing ndhuwur bisa dirumusake anane underan panlitén kaya ing ngisor iki:

- 1) Kepriye citrane wanita mandhiri ing pakaryan sajrone novel *Kendhaga Benthet*?
- 2) Kepriye citrane wanita mandhiri ing neningkahan sajrone novel *Kendhaga Benthet*?
- 3) Kepriye citrane wanita mandhiri ing kulawarga sajrone novel *Kendhaga Benthet*?

### Tujuwan Panlitén

Adhedhasar underan panlitén ing ndhuwur bisa dirumusake anane tujuwan panlitén kaya ing ngisor iki:

- 1) Ngandharake citrane wanita mandhiri ing pakaryan sajrone novel *Kendhaga Benthet*.
- 2) Ngandharake citrane wanita mandhiri ing neningkahan sajrone novel *Kendhaga Benthet*.
- 3) Ngandharake citrane wanita mandhiri ing kulawarga sajrone novel *Kendhaga Benthet*.

### Paedah Panlitén

Paedah kang bisa didudut saka anane panlitén iki kaya kang kaandharake ing ngisor iki:

- 1) Tumrap Sastra Jawa Modern, bisa kanggo menehi samubarang paedah tumrap pangrembakan tintingan reriptan sastra kang nggunakake tintingan Feminisme mligine kanggo nintingi citra wanita mandhiri.
- 2) Tumrap piwulangan sastra, panlitén iki diajab bisa dadi landhesan kanggo mangertení karya sastra saengga bisa menehi kawruh kanthi luwih jembar ngenani sastra.
- 3) Tumrap pamaca, panlitén iki kanggo sarana ngapresiasi lan nambahi kawruh uga pamawas ngenani analisis karya sastra mligine panlitén kang nggunakake tintingan bab teori feminismé.
- 4) Tumrap panlitén sastra, panlitén iki diajab bisa dadi pembanding saengga bisa kanggo dhasar tetimbangan ing panlitén sabanjure.

### Wewatesan Tetembungan

Anane wewatesan tembung iki supaya panlitén ora ngambla-ara. Wewatesan tembung kayata ing ngisor iki:

- 1) Feminisme Liberal

- Feminisme liberal nduweni anggepan yen diskriminasi lan ketimpangan sosial bisa diilangake kanthi rong cara yaiku pendhidhikan lan kesempatan kerja. (Darni, 2015:22).
- 2) Citra Wanita  
Citra wanita yaiku wujud saka gambaran mental spiritual polah tingkahe wanita saben dina kang nuduhake rupa lan titikane dhiri sawijine wanita (Sugihastuti, 2003:07).
- 3) Wanita Mandhiri  
Wanita mandhiri yaiku wanita kang bisa nyukupi kabutuhane dhewe kanthi cara nduweni pakaryan. (Darni, 2015:32)
- Tintingan Kapustakan Panliten Saemper**  
Panliten kang saemper dikarepake bisa menehi gambaran kanggo mbandhingake saka anane panliten iki. Panliten sastra kanthi tintingan feminismе wis kerep ditindakake mligine kang ngrembug prakara wanita, antarane yaiku:
- 1) Kaping pisan ditliti dening Anthonia Paula Hutri mahasiswa jurusan Sastra Indonesia ing Universitas Sanata Dharma kanthi irah-irahan *Citra Perempuan dalam Novel Suti Karya Sapardi Djoko Damono: Kajian Kritik Sastra Feminisme* ing taun 2017. Panliten iki ngrembug citra dhiri wanita lan citra sosial wanita kang diperang dadi loro, yaiku wanita klas dhuwur lan wanita klas asor. Citra dhiri wanita kadeleng saka aspek fisik yaiku wanita kang ngalami tahap ngandhut, nglairake, lan ngrumat anak. Citra dhiri wanita saka aspek psikis diperang dadi wanita klas dhuwur lan klas asor. Wanita klas dhuwur kagamarake nduweni tanggung jawab marang sakabehe urusan bale wisma lan nampa sakabehe tumindake garwa. Wanita klas asor kagamarake gampang tresna lan nindakake tumindak sedheng. Citra sosial wanita klas dhuwur isih gumantung marang wong lanang kanggo nyukupi kabutuhane dene wanita klas asor luwih mandhiri kanggo nyukupi kabutuhane.
- 2) Kaping pindho ditliti dening Ririn Istiqfarini mahasiswa jurusan Sastra Jawa Universitas Negeri Semarang kanthi irah-irahan *Perempuan Jawa dalam Novel Ing Satengahing Alas Brongkos Karya Tiwiek SA*. Panliten kasebut ngudhari anane fakta crita lan nggamarake wujud citra paraga wanita sajrone novel kasebut. Fakta crita kang ditemokake sajrone novel yaiku paraga wanita kang luwih dhominan tinimbang paraga priya lan paraga priya mung dadi jejangkepan kang nyengkuyung karakter wanita. Saliyane kuwi paraga wanita kagamarake nduweni sipat modhern kang wani nerak wewaler Jawa sajrone mangung bale wisma kang gegayutan karo dapur, sumur, lan kasur.
- 3) Panliten kaping telu ditindake dening Inggin Ardina Wahono Putri mahasiswa jurusan pendhidhikan basa lan sastra Jawa Universitas Negeri Surabaya kanthi irah-irahan *Citra Wanita Tandhak Tayub Sajrone Novel Ledhek Saka Ereng-erenge Gunung Wilis Anggitane Tulus S (tintingan Feminisme Liberal)* ing taun 2018 kang ngrembug kepriye panguripane wanita tandhak tayub sajrone novel, kepriye perjuwangane wanita tandhak tayub supaya bisa mapan ing masyarakat sajrone novel, lan kepriye citrane wanita tandhak tayub kang kagamarake sajrone novel.
- 4) Skripsi dening Nurma Nurhayati mahasiswa pendhidhikan basa lan sastra Jawa Universitas Negeri Surabaya ing taun 2018 kanthi irah-irahan *Wanita Mandhiri Sajrone Novel Ringin Garing Anggitane Tulus Setiyadi (Tintingan Feminisme)* iki ngandharake ngenani wanita mandhiri kang bisa kasil dadi juragan tanpa gumantung marang priya lang wong tuwa. Lakone paraga utama wanita saka pawongan kang ora nduwe nganti kasil nggayuh kekarepane kanthi carane dhewe kang mandhiri.
- Patang panliten ing ndhuwur padha-padha ntinggi nggunakake teori feminsme lan ngudhal bab patriarki marang wanita. Dene prakara kang mbedakake panliten iki karo panliten sadurunge yaiku saka objek kang digunakake, panliten iki nggunakake novel kanthi irah-irahan *Kendhaga Benthet* anggitane Tulus Setiyadi kang bakal dioncek nggunakake tintingan feminismе saka lelakon kang ditandang dening paraga utama wanita kang digamarake lumantar citrane wanita kang mandhiri sajrone pakaryan, neningkahan, lan kulawargane.
- Teori Feminisme**  
Feminisme mujudake gerakane wanita kanggo ngolehake hak antarane wong lanang lan wong wadon kanthi seimbang utawa padha sajrone sakabehe bidhang kalebu bidhang ekonomi, sosial, lan politik (Darni, 2015:30). Konsep dhasar sajrone feminismе yaiku njingglensi gender ing satengahe masyarakat. Tembung gender wiwitane diandharake dening Anna Oakley. Akeh panemu kang tumbuk antarane seks lan gender. Kalorone memper nanging ora padha. Seks tegese jenis kelamin

kang nuduhake perangan loro jinis kelamin manungsa kanthi biologis. Dene gender yaiku konsep ngenani klasifikasi sipat maskulin (lanang) lan feminin (wadon) kang kawujud kanthi sosio kultural.

Feminisme uga dadi upaya kanggo uwahsaka stereotip wanita lan kanggo sarana ngonceki wujud penindasan tumrap wanita. Tuladhane kanthi gambaran yen wanita mung dadi objek seksual lan dudu subjek kang nduweni gegayutan politik kang kuwat, wanita mesthi didadekake makhluk kang nduweni sipat feminitas lan anggone makarya utawa tumindake diwatesi. Teori feminis sajrone panliten digunakake kanggo ngonceki citra lan kalungguhane wanita sajrone novel *Kendhaga Benthet*.

Aliran feminism diperang dadi wolung perangan miturut buku *Feminist Thought* kang ditulis dening Rosmarie Tong. Wolung perangan kang dianut dening para feminis kasebut yaiku: liberal, radikal, sosialis, *psychoanalytic*, *care-focused*, *multicultural/global/colonial*, ekofeminis, lan gelombang katelu kang diarani postmodern (Tong, 2009:1). Feminisme gelombang kaloro kang ngrembaka ing taun 1960-an ngasilake telung aliran kang asring digunakake yaiku liberal, radikal, lan sosialis.

### Feminisme Liberal

Feminisme liberal ngupaya kanggo merjuwangake supaya wanita nggayuh hak sosial lan politik kanthi adil lan ora dibedakake. Tegese aliran iki nampik sakabehe wujud diskriminasi tumrap wanita (Sugihastuti, 2010:20-21). Ing abad 18 diandharake yen nalar mujudake kapasitas kang mbedakake manungsa lan kewan, mula yen wanita nduweni nalar mesthine antuk kapasitas kang padha kaya dene wong lanang. Wanita mesthine antuk pendhidhikan lan kesempatan kanggo nduweni pakaryan kang padha kaya dene wong lanang amarga sejatine kabeh manungsa nduweni kesempatan lan hak kang padha.

Laras karo andharane Darni (2015:22-23) feminism liberal nduweni anggepan yen diskriminasi lan ketimpangan sosial adhedhasar gender bisa diilangake lumantar rong cara, yaiku lumantar pendhidhikan lan kesempatan nduweni pakaryan. Yen wanita nduweni kesempatan sing padha karo priya wanita bisa nduweni kesempatan kanggo ngundhakake kwalitas dhirine kanthi optimal. Formale wanita lan wong lanang nduweni hak kang padha sajrone bidhang pendhidhikan, pakaryan, hukum, lan pamarentahan.

Senadyan kelompok iki nuntut anane hak kang padha antarane wong lanang lan wong wadon, aliran iki bisa nampa yen kalorone isih nduweni beda kang ora bisa diselaki tuladhane

ing bab fungsi repdoduksi. Kahanan kasebut kang dadi pambeda utama antarane wong lanang lan wong wadon. Fungsi reproduksi ndadekake wanita nduweni peran kang beda karo wong lanang tuladhane nglairake anak.

### Feminisme Radikal

Feminisme radikal (Saptari sajrone Darni, 2015:21-22) mujudake aliran kang paling ekstrim jalaran aliran iki ora mung nuntut anane hak antarane wong lanang lan wong wadon kudu padha nanging uga nuntut kasetaran seksual. Konsep utama feminism radikal ana loro yaiku patriarki lan seksualitas. Patriarki mujudake sistem sosial kang ndadekake wanita objek kanggo maremake hawa seksuale wong lanang lan objek kanggo nglairake keturunan sarta ngopeni anak.

Aliran iki nganggep yen kakuwasane wong wadon dikontrol dening wong lanang jalaran kapasitas reproduktif wanita kang dideleg saka aspek biologis beda karo wong lanang. Bab kasebut ndadekake pemakaan dening wong lanang tumrap wong wadon kanggo manut marang aturan kang digawe wong lanang. Struktur biologise wong lanang kang luwih kuwat tinimbang wong wadon ndadekake wong wadon asring antuk penindhasan. Mula feminism radikal ngrembug prakara hak reproduksi, seksualitas, seksisme, relasi kuwasa wanita lan wong lanang uga dikotomi privat publik. (Tong, 2010:68).

### Feminisme Sosialis

Feminisme sosialis adhedhasar gabungan metodhe historis antarane Marx lan Engels kang nganggep konstruksi sosial minangka sumber saka anane tumindak ora adil tumrap wanita. Penindasan tumrap wanita dumadi ing saben kelas sosial. Miturut Fakih (2013:90) aliran iki ngupaya kanggo nyilangake analisis patriarki lan analisis kelas. Mula saka kuwi kritik ngenani eksplorasi kelas saka sistem kapitalisme kudu ditindakake bebarengan karo ora adile gender kang ngakibatake dominasi, subordinasi lan marginalisasi tumrap kaum wanita.

Teori iki ndeleng wanita minangka salah sawijine kelas lan nganggep yen penindasan tumrap wanita dumadi ing sakabehe kelas. Teori iki nganggep yen anane bab ora adil tumrap wanita ora mung disebabake dening struktur biologis kang beda nanging luwih disebabake dening anggepan saka konstruksi sosial tumrap anane beda kasebut. Kaya kang diandharake Darni (2015:22) sistem kapitalis melu urun sajrone mujudake dominasine wong lanang. Mula saka kuwi feminism sosialis luwih nengenake maneka wernane wujud patriarki lan pembagian

kerja secara seksual, amarga kalarone ora bisa dipisahake kanthi modus produksi masyarakat.

### Citra Dhiri Wanita

Citra mujudake gambaran kang wujude wewangunan kang diduweni dening pawongan ngenani kapribaden utawa mental kang disulih lumantar tembung, gatra, utawa ukara, lan mujudake unsur dhasar konsep citra wanita (Sugihastuti, 2010:45). Dene citra wanita yaiku sakabehe wujud gegambaran mental spiritual lan solah bawa kang digambarake lumantar apa wae kang ditindakake dening wanita (Indonesia). Gatra citra wanita dijupuk saka gambaran citraan, kang dituwuhake dening pamikiran, pangrungu, pandeleng, lan pangrasa tumrap wanita (Sugihastuti, 2010:45).

Citra dhiri wanita gegayutan kalawan sakabehe tumindak kang dilakoni dening wanita kang mujudake kahanan lan pandhangan wanita kang asale saka dhiri pribadine wanita kuwi dhewe kalebu aspek fisik lan aspek psikis (Sugihastuti, 2010:112-113). Citra dhiri wanita kawujud minangka sosok individu kang nduweni panemu lan pilihane dhewe tumrap sakabehe kegiyatan gegayutan karo kabutuhan pribadi lan sosial.

Citra wanita diperang dadi loro yaiku citra dhiri wanita lan citra sosial wanita. Citra dhiri bisa diperang maneh dadi loro yaiku citra dhiri wanita dideleng saka aspek fisik lan psikis. Dideleng saka kahanan fisik wanita diwasa mujudake bayi wadon kang wis ngalami proses biologis kanthi tahap diwasa. Wanita ngalami saperangan bab kang khas lan ora dialami dening wong lanang sajrone tahap iki, tuladhane wanita bisa ngandhut, nglairake bayi, lan nyusoni anak-anake. Kanyatan fisik iki nuwuhanke anggepan yen wanita minangka sumber urip lan panguripan amarga dadi salah sijine makhluk kang nduweni daya kango nglairake anak.

Aspek psikis wanita asring digayutake kalawan tembung feminitas. Prinsip feminitas mujudake bab-bab kang diduweni utawa kang ana sajrone dhiri wanita, prinsip-prinsip kasebut kayata rasa tresna, welas asih lan luwih mbangun sesambungan *interpersonal*. Yen dideleng saka aspek psikis bisa dimangerteni yen wanita nduweni bab biopsikologis kang beda dene wong lanang, saka aspek kasebut nduweni pangaribawa tumrap pangrembakan kapribadene. Kapribadene wanita luwih sensitif tinimbang kapribadene wong lanang. Wanita luwih nengenake bab rasa pangrasane nalika ngadhepi sakabehe prakara kang lagi dialami dene wong lanang luwih ngandhalake pikiran tinimbang pangrasa.

### Citra Sosial Wanita

Citra sosial wanita mujudake citra wanita kang gegayutan kalawan norma lan sistem nilai kang lumaku sajrone salah sawijine klompok masyarakat ing ngendi wanita kasebut urip. Klompok masyarakat kasebut kalebu klompok kaluwarga lan klompok masyarakat kang asipat luwih jembar. Peran wanita ing kaluwarga minangka garwa, ibu, anak, adhik lan peran liyane kang bisa nggawa pangaribawa sikap sosial kang nduweni gegayutan antarane siji lan liyane. Citra sosial wanita mujudake gegayutan antarane dhiri wanita kalawan masyarakat sakupenge. Citra sosial wanita diperang dadi loro yaiku citra sosial wanita sajrone kulawarga lan citra sosial wanita sajrone masyarakat.

Citra wanita minangka wanita diwasa sajrone kulawarga padha dene karo citra dhiri wanita kang dideleng saka aspek fisik lan psikis nanging yen ing kaluwarga prakara kang diadhepi ana ing sakupengenge wanita kasebut kayata wanita minangka anak, ibu, garwa kang ngurusi sakabehe prakara ing bale wisma.

Citra sosial wanita sajrone masyarakat ndadekake wanita minangka makhluk sosial kang ing panguripan saben dinane mbutuhake wong liya kanggo kaperluwane. Wujud interaksi antarane wanita lang wong liya bisa asipat umum utawa khusus gumantung saka sipat sesambungan kasebut. Sesambungan manungsa sajrone masyrakat bisa diiwiti saka sesambungan tumrap wong liya bisa wong anatarne wanita marang wanita lan wanita marang wong lanang (Sugihastuti, 2010:132).

### Wanita Mandhiri

Mandhiri mujudake salah sawijine kahanan pawongan kang uripe ora gumantung karo wong liya sajrone nemtokake kaputusan lan nduweni sikap kasebut kendel lan percaya marang awake dhewe yen bisa ngadhepi prakara kang ana (Chaplin, 2011:343). Pawongan sing nduweni sipat mandhiri kang dhuwur ateges bisa ngrampungi sakabehe prakara kang ditandang jalaran pawongan kasebut nduweni sipat mandhiri kang ora gumantung karo wong liya lan ngupaya kanggo ngadhepi uga ngrampungi masalahe dhewe. Andharan kasebut nuduhake yen mandhiri yaiku upaya salah sawijine pawongan kanggo ngrampungi prakara sajrone uripe kanthi cara ora nggantungake marang wong liya tuladhane wong tuwa. Wong kang mandhiri nduweni panemu dhewe kang ora antuk pangaribawa saka lingkungan sakupenge lan wong liya. Anane kabebasan kanggo ngatur urip lan kabutuhane dhewe, sarta bisa ngrampungi prakara kang lagi diadhepei.

Sipat mandhiri uga diduweni dening wanita.

Kaya kang diandharake Darni (2015:31) wanita mandhiri yaiku wanita kang uripe ora gumantung marang wong liya lan bisa nyukupi kabutuhane dhewe. Wanita mandhiri wujud saka anane feminismé dene wanita kang isih gumantung marang wong liya lan meranake peran tradisional wujud saka budaya patriarki. Wanita bakal nduweni prinsip kang cetha lan teges yen wanita nduweni latar pendhidhikan kang nyukupi. Para wanita mandhiri kang makarya ing njaba omah kang pikantuk upah umume nduweni peran gandha. Peran wanita minangka ibu utawa garwa lan peran wanita minangka pawongan kang nduweni pakaryan. Kahanan kaya mangkono akeh disandhang dening wanita kelas mangisor kang umume makarya ing pabrik, buruh, pembantu, lan sapanunggalane.

### Wanita Mandhiri ing Pakaryan

Wanita bisa diarani mandhiri yen bisa nyukupi kabutuhane dhewe lan ora gumantung marang liya. Dalan siji-sijine wanita bisa urip mandhiri yaiku kanthi nduweni pakaryan dhewe (Darni, 2015:32). Gegayutan karo pakaryan, ora bisa dilalekake yen kanggo ngentukake pakaryan wanita kudu nduweni pendhidhikan kang nyukupi. Pendhidhikan kalebu babagan kang ndadekake pawongan bisa mandhiri. Yen wanita nduweni pendhidhikan, dheweke bakal nduweni prinsip kang tegen lan cetha. Saliyane kuwi sarana pendhidhikan wanita bisa ngolehake pakaryan. Pakaryan kasebut bisa ndadekake wanita urip kanthi cara mandhiri lan ora gumantung marang wong liya.

Kawwas saka kahanan kang saya modhern peran wanita ing sektor kegiyatan ekonomi ngalami undhak-undhakan. Ngrembakane peran wanita bisa ditengeri saka rong babagan, yaiku 1) mundhake cacah wanita kang andum andil ing pakaryan ing njabane omah (out door activities) saka 32,43% ing taun 1980 dadi 38,79% ing taun 1990. 2) mundhake cacah bidhang pakaryan kang bisa dieloki dening wanita (Abdullah, 1995:3).

### Wanita Mandhiri ing Neningkahan

Wanita anggone nemtokake hak lan kaputusan kanggo uripe ora kena antuk kapeksan. Tuladhane nalika nemtokake pawongan kanggo karca salawase utawa karca kanggo mangun bale wisma. Yen ing jaman biyen tradisi jejodhoan sajrone neningkahan lumrah ditemoni nanging ing jaman saiki wis beda. Sawise anane gerakan feminismé kang nyebutake wanita kudu nduweni kabebasan kanggo ngatur ranah seksualitas kang dinduweni. Wanita kudu

bisa u wal saka wewatesan kang diwangun saka heteroseksualitas (Tong, 2014:5)

Salah sijine wujud kabebasan kanggo ngatur awake dhewe sajrone babagan seksualitas yaiku wanita bisa milih sapa kang bakal dadi sesandhingane lan nulak jejodhoan. Wanita kang wani lan gelem nulak jejodhoan kalebu wanita mandhiri jalaran dheweke bisa nemtokake apa kang dikarepi lan ora nggantungake marang wong liya. Saliyane kuwi tradisi jejodhoan nduweni dhampak kang ala tumrap wong kang nindakake jalaran kekarone urip sesandhingan tanpa anane rasa tresna.

### Wanita Mandhiri ing Kulawarga

Kalungguhane priya lan wanita sajrone bale wisma yaiku padha utawa sajaran. Kekarone nduweni peran kang padha kanthi tujuwan nuwuhake kulawarga kang bagya mulya. Kulawarga mujudake unit sosial kang paling dhasar. Anane sesambungan kang tuwuhan antarane anak lan wong tuwa ndadekake kekarone nduweni hak lan kuwajibane dhewe-dhewe. Yen anak wis diwasa, wong tuwa dadi tanggung jawab anak kasebut. Ajaran islam ngandharake kanggo anak supaya ngabekti marang wong tuwane utamane marang ibu. Anak ora kena tumindak sawiyah-wiyah marang wong tuwane. Yen anak taat marang wong tuwane tegese dheweke uga taat marang Gustine (Al Faqi, 2002: 49).

Durung maneh yen sajrone kulawarga mung nduweni anak tunggal. Anak kasebut gelem ora gelem kudu nyukupi kabutuhane wong tuwa tanpa pitulungan saka wong liya jalaran ora nduweni sedulur nunggal kandhung. Anak tunggal kulina anggone nglakoni samubarane kanthi mandhiri kalebu mulyakake wong tuwane.

### Metode Panlitén

#### Ancangan Panlitén

Panlitén ngenani citrane wanita mandhiri sajrone novel *Kendhaga Benthet* iki mujudake panlitén kualitatif amarga dhata sajrone panlitén iki arupa tetembungan kang uga minangka titikane panlitén karya sastra. Jabrohim (2012: 43) ngandharake yen tujuwan anane panlitén kualitatif kanggo mangun pamawas alamiah saka anane objek, dadi panliti luwih nengenake ing objek kanthi utuh (*holistik*). Panlitén kualitatif minangka sawijining panlitén ngenani analisis isi kang luwih nengenake babagan makna saka teks tinimbang dhata arupa angka kayadene ing panlitén kuantitatif. Panlitén kualitatif nduweni tujuwan kanggo mangertení sakabehe prakara kang ana tumrap subjek panlitén kanthi cara holistik lan dheskriptif. Subjek panlitén sajrone panlitén iki awujud tembung-tembung, gatra, lan

paragraf kang gegayutan karo citra wanita. Mula asil saka panliten iki awujud dheskripsi.

Saliyane kuwi, pamarekan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku feminism. Pamarekan feminism iki minangka pamarekan kang ngupaya njejerake kalungguahne wanita lan priya. Feminisme nggawa perjuwangane wanita saka anane tumindak kang asipat ngasorake utawa ora ngregani wanita lan ndeleng wanita minangka makhluk kang ora nduweni daya. Panliten iki dianalisis nggunakake metodhe panliten kualitatif dheskriptif kang munjer ing citrane wanita mandhiri sajrone telung aspek yaiku pakaryan, neningkahan, lan kulawarga. Telung aspek kasebut dipantha maneh adhedhasar wujud, motif, pepalang, lan cara mungkasi prakara kango tuwuh. Saka papanthan kasebut bisa dideleng yen gegambaran paraga utama wanita kanggo nggayuh kabutuhane nduweni sipat lan tumindak mandhiri sajrone novel *Kendhaga Benthet* anggitane Tulus Setiyadi.

### Sumber Dhata

Sumber dhata sajrone panliten yaiku subjek saka ngendi dhata diolehi (Arikunto, 2002:107). Sajrone panliten sumber dhata diperang dadi loro yaiku ana dhata primer lan dhata sekunder. Sumber dhata primer yaiku dhata kang langsung magepokan guna nyengkuyung kegiyatan panliten. Panliten iki nduweni sumber dhata primer yaiku novel kanthi irah-irahan *Kendhaga Benthet* anggitane Tulus Setiyadi, terbit ing taun 2019 cetakan kapisan. Novel *Kendhaga Benthet* kang kandele 156 kaca nduweni ISBN 978-602-7462-01-4 diterbitake dening Pustaka Ilalang.

Sumber dhata sekundher yaiku dhata kang nyengkuyung kegiyatan panliten lan sadurunge wis kakumpul dening wong liya kajaba panliti kuwi dhewe. Sumber dhata sekunder sajrone panliten iki arupa makalah, jurnal, buku-buku, lan artikel kang slaras kanggo nguwati argumentasi lan njangkepi asil panliten.

### Dhata

Dhata yaiku fakta empirik kang diklumpukake dening panliti kanggo ngrampungi prakara utawa mangsuli pitakonan sajrone panliten. (Sutopo, 2002:47). Cundhuk kalawan Ratna (2012:47) kang ngandharake dhata formal sajrone panliten sastra awujud tembung-tembung, ukara, lan wacana kasusastran. Mula panliten iki wujud dhatane yaiku sakabehe tembung, gatra, ukara lan paragraf kang nuduhake sakabehe bab kang ana gegayutane karo wujud, motif, pepalang, lan carane paraga utama wanita mungkasi prakara kango dumadi sajrone pakaryan, neningkahan, lan kulawarga.

### Instrumen Panliten

Instrumen panliten sajrone panliten sastra yaiku panliti dhewe. Panliti sajrone panliten dadi instrumen kang utama amarga ing kene panliti mujudake instrumen kang nyusun ancanan panliten, ngumpulake dhata, nintingi dhata, lan nulis asiling panliten. Andharane (Jabrohim, 2012:22) negesake yen sajrone komunikasi sastra ndadekake kalungguhane panliti dadi bab kang wigati. Panliti kuwi dhewe kang nemtokake alat kerja kango banjur ngolah nganti bisa nggayuh tujuwan studi sastra. Mula panliti dadi punjere nalika nglumpukake dhata, kang ateges kwalitas apik orane dhata gumantung saka panliti dhewe.

### Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata yaiku kegiyatan kang ditindakake kanggo ngolehake dhata kango gegayutan karo objek panliten (Arikunto, 2010:265). Teknik kang digunakake sajrone nglumpukake dhata yaiku studi kapustakan tegese teknik kasebut ditindakake kanthi nyathet dhokumen utawa dhata kango nduweni gegayutan kalawan tujuwan panliten. Jinis utawa metodhe iki diarani analisis isi kang tata carane kaya kang diandharake ing ngisor iki:

- 1) Teknik pustaka, yaiku nggunakake sumber-sumber tinulis kanggo ngolehake dhata lan bab kango ana gegayutane karo jagading sastra lan teori kang bakal digunakake sajrone panliten kanthi cara nglumpukake buku-buku kang bisa nyengkuyung panliten.
- 2) Teknik maca yaiku teknik kang ditindakake kanthi cara maca maneka werna kapustakan kang bisa nyengkuyung panliten. Miturut Aminuddin (2010:20) ngandharake teknik maca ing kene nggunakake pikiran lan pangrasa kanthi cara kritis kanggo mangerteni lan ngrembakake sawijine konsep kanthi cara mbandhingake isine teks sastra kango diwaca nganggo ngelmu, pengalaman saka kasunyatan kango diweruhi pamaca kango menehi idhentifikasi, mbandingake, ndudut, weneh pambiji.

Teknik cathet yaiku teknik kang ditindakake kanthi cara maca novel *Kendhaga Benthet* anggitane Tulus S kanthi jangkep lan permati banjur menehi tandha utawa cathetan tartamtu. Kagiyanan iki ditindakake kanggo nggampangake panliti anggone nintingi dhata kango dibutuhake sajrone novel.

### Tata Cara Nganalisis Dhata

Tata cara analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif kang tujuwane yaiku nggawe jlentrehan

gegambaran kanthi sistematis, nyata, lan akurat ngenani kasunyatan sarta gegayutan antarane kedadeyan kang ditliti. Analisis dhata kualitatif miturut Boghan & Biklen (sajrone Moleong, 2009:248) yaiku upaya kang ditindakake kanthi cara ngolah dhata saengga bisa nemokakae apa kang wigati lan bisa ngandharake maneh asile marang wong liya.

Kango ngasilake dhata-dhata kang dibutuhake panliten iki bakal nggunakake cara kanthi milihi perangan kang ana sesambungane karo citra wanita mandhiri sajrone novel *Kendhaga Benthet*. Panliten anggone nganalisis dhata sajrone panliten iki nggunakake prosedhur analisis kaya ing ngisor iki:

- 1) Nintingi lan nyathet sakabehe dhata adhedhasar saka teori kang wis ditemtokake dening panliten, yaiku teori Feminisme sajrone novel *Kendhaga Benthet* anggitane Tulus S.
- 2) Klasifikasi utawa ngelompokake dhata adhedhasar underane panliten lan teori sing digunakake.
- 3) Analisis adhedhasar underane panliten kanthi cara nggayutake teori feminism.
- 4) Nyimpulake dudutan saka asil analisis dhata kang wis dianalisis kanthi teori feminism.
- 5) Nulis asile dhata lan dudutan kanthi wujud laporan panliten.

#### Tata Cara Nulis Asile Panliten

Tata cara nulis asile panliten nuduhake upaya panulis kanggo nyughahake asile njingglengi dhata kanthi rancag lan sistematis. Andharan ngenani tata cara nulis asile panliten ngenani citra wanita mandhiri sajrone novel *Kendhaga Benthet* anggitane Tulus S diandharake ana ing ngisor iki.

Bab I : ngandharake purwaka kang isine yaiku lelandhesane panliten, underane panliten tujuwan panliten, paedah panliten, lan wewatesane tetembungan.

Bab II : ngandharake tintingan kapustakan kang isine yaiku panliten kang saemper, teori feminism, citra wanita dhiri wanita, citra sosial wanita, lan konsep mandhiri.

Bab III : ngandharake metodhe panliten kang isine ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, tata cara nglumpukake dhata, tata cara nganalisis dhata, lan tata cara nulis asile panliten.

Bab IV : ngenani andharan saka asile panliten kang kaperang dadi rong sub bab, yaiku:

- 1) Ngandharake wujud, motif, pepalang, lan cara mungkasi prakara kang ditandang dening wanita mandhiri ing bab pakaryan sajrone novel Kendhaga Benthet anggitane Tulus Setiyadi yen diawas kanthi nggunakake tintingan feminism.
- 2) Ngandharake citrane wanita mandhiri ing bab neningkahan dideleng saka wujud, motif, pepalang, lan cara mungkasi prakara kang diadhepi sajrone novel Kendhaga Benthet anggitane Tulus Setiyadi kawawas saka kajian feminism.
- 3) Ngandharake wujud, motif, pepalang, lan cara mungkasi prakara kang ditandang dening wanita mandhiri ing bab kulawarga sajrone novel Kendhaga Benthet anggitane Tulus Setiyadi yen diawas kanthi nggunakake tintingan feminism.Bab V : ngandharake ngenani dudutan lan pamroyaga saka asile panliten.

#### Andharan

#### Citrane Wanita Mandhiri ing Pakaryan Sajrone Novel *Kendhaga Benthet*

Novel *Kendhaga Benthet* nyritakake pawongan sing jenenge Wika minangka paraga utama. Wika mujudake wanita kang nduweni peran luwih saka siji sajrone panguripane. Peran kasebut antarane yaiku Wika mujudake anak ontang-anting sajrone kulawargane kang ndadekake dheweke kudu bisa njaga, ngopeni, lan mulyakake wong tuwane amarga ora ana maneh tunggale kejaba dheweke. Wika minangka ibu saka loro anake kang isih padha cilik. Anakanak kang isih cilik luwih mbutuhake kawigatene wong tuwane mligine kawigaten saka ibu, mula Wika kudu bisa weneh kawigaten kang luwih. Wika minangka garwa saka bojone kang durung nduweni pakaryan kang mesthi. Wika kudu golek cara kanggo bisa mbiyantu ekonomi sajrone kulawargane, amarga yen mung njagakake paitan saka bojone kang ora tamtu. Saliyane kuwi Wika dadi juru warta ing salah sawijine redaksi lokal ing sandhing papan panggonane. Makarya dadi juru warta saliyane kanggo golek dalam rejeki uga kanggo nyalurake kaprigelane ing bab jurnalistik kang wis ndudut atine wiwit dheweke kuliyyah. Peran-peran kasebut nuuhake tuntutan-tuntutan kang ndadekake Wika kudu bisa merang wektu lan tenagane supaya kabeh peran kang dilakoni bisa lumaku kanthi seimbang. Peran kasebut ndadekake Wika pribadi kang mandhiri awit saka tuntutan kang kudu dilakoni.

#### Wujud Citrane Wanita Mandhiri ing Bab Pakaryan

Wujud saka citrane wanita mandhiri sajrone novel *Kendhaga Benthet* kagambar

lumantar sakabehane kegiyatan lan tumindake paraga utama wanita mligine ing bab pakaryan. Digambarake Wika minangka paraga utama wanita sajrone novel nduweni pakaryan dhewe kang laras karo karepe ati lan hobine. Tujuwane kanggo mbiyantu ekonomi kulawargane uga kanggo nyalurake kaprigelane ing jagading jurnalistik. Wujud saka citrane wanita mandhiri sajrone novel *Kendhaga Benthet* arupa makarya dadi juru warta lan upaya kanggo ngangsu kawruh supaya bisa antuk pakaryan dhewe. Pakaryan kang diduweni dening Wika minangka wujud perjuwangane Wika kanggo urip mandhiri lan bisa mbiyantu ekonomine kulawarga kang ora bisa dijagakake. Wujud citrane wanita mandhiri kaya kang dilentrehake ing ngisor iki.

### Makarya Dadi Juru Warta

Juru warta mujudake pakaryan kang ana sambung rapete karo jagad *jurnalistik*. *Jurnalistik* yaiku kegiyatan nyepakake, golek, nglumpukake, ngolah, nyuguhake, lan nyebarake warta kang ditujokake tumrap masyarakat (Sumadiria, 2005). Juru warta kalebu pakaryan kang abot lan nduweni risiko gedhe. Risiko sajrone dadi juru warta yaiku wiwit kaslametan dhiri kang bisa wae kaincim nalika golek warta ing dhaerah kang lagi ngalami gejer lan bencana nganti anane mungsuh kang saben-saben ora seneng marang apa kang ditulis sajrone warta.

Senadyan kaya mangkono, sajrone novel *Kendhaga Benthet* dicritakake yen Wika minangka wanita uga bisa dadi juru warta. Bab kasebut dadi tandha anane *peluang* kerja kang padha antarane priya lan wanita. Kabuktekake yen wanita uga bisa makarya kaya kang ditindakake dening wong lanang kaya kang diandharake pethikan ing ngisor iki.

“Salawase iki dakanggep kerjamu becik tinimbang liyane. Tulisanmu rapi lan kepenak diwaca. Ora nate ngliwati *deadline*, beritane manteb. Aku nduweni niyat kowe bisa ngganteni kalungguhanku.” (Setiyadi, 2019:4)

Pak Nuradi aweh pangalembana marang Wika amarga asil kerjane kang ora nggetunake lan bisa gawe majune perusahaan. Pak Nuradi minangka pimpinane Wika ing redaksi anggone dheweke kerja kang aweh pambiji langsung tumrap asil kerjane Wika saben dina. Dheweke rumangsa marem nduweni karyawan kang nduweni etos kerja kang semangat lan tenanan. Etos kerja kang becik ndadekake apa kang ditandangi gawe mareme ati lan bisa ngundhakake kwalitas perusahaan. Yen tulisan

rapi, kepenak diwaca, lan isi saka beritane ngemu bobot ndadekake wong kang maca bisa marem.

### Ngangsu Kawruh

Sakabehe pawongan mesthi nduweni kabutuhan kang kudu dicukupi. Kabutuhan kasebut kayata kabutuhan sandhang, pangan, lan papan. Kanggo bisa nyukupi kabutuhane lan nggayuh apa kang dikarepi, manungsa kudu nduweni pakaryan. Pakaryan bisa digayuh lumantar pendhidhikan kang mumpuni. Pendhidhikan mujudake sangu utawa dhasar kanggo golek pakaryan. Salah sijine tingkatan pendhidhikan kang dianggep asor sawise ing bangku sekolah yaiku kuliyah. Kuliyah mujudake kegiyatan ngangsu kawruh kang ditindakake ing perguruan tinggi. Kuliyah lan sekolah nduweni beda mligine ing bab *kemandirian*.

Sawise Haston anake angka loro umur setengah taun, bojone nduweni pangangen-angen. Wika dikongkon kuliyah maneh. Sapa ngerti bejane awak bisa dadi guru. (Setiyadi, 2019:19)

Pethikan ing ndhuwur njlentrehake kahanan kulawargane Wika sawise anake kang angka loro wis ngancik umur setengah taun. Anak kang wis ngancik umur setengah taun wis bisa disapih ateges bisa ditinggal ibune kanggo kerja utawa ngurusi kegiyatan liya. Sugiyono bojone Wika nduweni kekarepan yen Wika bisa dadi guru mula Wika dikongkon kuliyah maneh. Sugiyono ngrumangsani yen pendhidhikan kuwi mujudake bab kang wigati tumrap panguripan. Wika dirasa nduweni semangat kang isih kuwat anggone golek ngelmu mula dheweke menehi palilah menawa Wika arep kuliyah maneh ngelingi umure Wika sing durung tuwa banget dibandhingake Sugiyono kang kacek umure rada adoh karo Wika.

### Motif kang Njalari Citrane Wanita Mandhiri ing Bab Pakaryan

Motif yaiku rasa kang asipat njurung supaya bisa nggayuh tujuwan kang dikarepi. Motif nduweni gegayutan kang munjer ing sesambungan sistematik antarane respon lan kahanan kang njurung bab tartamtu. Motif kang ana sajrone dhirine manungsa bakal mujudake sawijine tumindak kang ngarahake menyang tujuwan kang kepengin digayuh lan bisa maremake ati (Ghufron lan Risnawati, 2012:83).

### Mbiyantu Ekonomi

Wika nduweni bojo sing ditresnani banget jenenge Sugiyono. Emane nganti mbangun

balewisma lan nduweni anak siji Sugiyono durung nduweni pakaryan kang ngasilake utawa nyambut gawene ora tamtu, saengga jatah asil anggone makarya ora bisa dijagakake kanggo nyukupi kabutuhan saben dina. Pancen wiwitan anggone mbangun bale wisma kahanan ekonomi durung bisa jejeg lan tumata. Ditambah Sugiyono asale anak saka wong tuwa kang bisa diarani mampu mula nalika antuk gaweyan kang rada rekasa lan opahe ora sepira, Sugiyono milih ora ngiyani.

Sawise anake lahir, Wika ngajak nyewa omah. Alasane kepengin mandhiri lan sinau urip. Sugiyono sarujuk nadyan durung nduwe pengasilan. Dhasare sing lanang anake wong sugih arep njaluk apa wae keturutan. Sangsaya suwe uripe rumangsa abot. Butuh ora ana enteke, sawetara ora ana pengasilan. (Setiyadi, 2019:16)

Pethikan ing ndhuwur nggambarkerake Wika kang wiwit kepengin urip mandhiri. Sasuwene iki Wika lan bojone saben dina isih dadi siji karo wong tuwane Sugiyono. Nanging sawise anake lair, Wika lan bojone mutusake kanggo urip dhewe kanthi nyewa omah supaya bisa mandhiri lan sinau urip. Awit saka kono abote urip dirasakake dening Wika lan bojone amarga sing sadurunge papan lan pangan isih nunut wong tuwane saiki banjur apa-apa kudu dipikirake dhewe.

#### Nyalurake Kabisan

Wika kalebu pawongan kang seneng nduweni kegiyatan mula nalika kuliyan Wika melu kegiyatan *jurnalistik* ing kampuse. Wiwit saka kuwi Wika dadi seneng lan nemokake karemenan sajrone atine yen dheweke cocog ing jagade *jurnalistik*. Rasa senenge marang bab kasebut dadi salah sijine alesan dheweke dadi wartawan supaya bisa nyalurake kabisane tumrap wong ake kaya kang diandharake pethikan ing ngisor iki.

Emane Wika tekade wis kuwat kepengin nyoba ngiras ngeacakake *teori* saka bangku kuliyahe. Kapeksa Sugiyono ora bisa menggak karepe bojo. Awit alasane Wika isih kepengin golek asil ucul saka bojo lan wong tuwane. (Setiyadi, 2019:19)

Pethikan ing ndhuwur nggambarkerake yen Wika kepengin ngeacakake teori bab *jurnalistik* ing

pakaryane sing saiki. Nalika ing jaman kuliyan ngancik semester lima Wika kepincut marang kegiyatan jurnalistik. Mulane saiki kaya dadi wektune Wika kanggo nyalurake karemenan lumantar pakaryane kang ndadekake ilmu kang wis disinaoni Wika nalika ing kuliyan ora muspra. Ilmu mujudake bab kang wigati kanggo golek pakaryan.

#### Njejegake Rasa Adil

Juru warta mujudake pakaryan kang nduweni pangaribawa gedhe tumrap masyarakat awit saka tulisan kang kapacak ing medhia koran utawa *online*. Mulane saben-saben tulisan kang ditulis dening jurnalis kudu bisa dibuktekake marang kanyatan kang ana. Pakaryan iki mbuthuhake rasa nurani saka dhiri pribadi minangka wujud rasa tanggung jawab moral saka tulisan kang ditulis. Tulisan kang bakal ditulis kudu nduweni kualitas, ngemot bebener lan ora kena direkadaya. Senadyan ing jaman saiki akeh juru warta kang dibayar anggone nulis berita kanggo tujuwan tartamtu. Mula saka kuwi juru warta kudu nduweni prinsip kerja kang bener anggone nyambut gawe jalanan pakaryane kang bisa weneh pangaribawa gedhe tumrap kahanan sosial masyarakat.

...pangangene brontak marang apa sing wis nate ditindakake. Mangka tugase *jurnalis* berjuwang kanggo njejegake rasa adil. Ewasemana kesandhung marang politike panguwasa. Banjur apa gunane menawa *jurnalis* mung nguber berita pesenan wae. Rasane ora trima marang kahanan kang kaya mangkono kuwi. (Setiyadi, 2019:76)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake pangangene Wika kang ora trima yen tulisane gawe dheweke kena imbas nesune Pak Nuradi (pimpinan redhaksine). Dheweke ora gelem nulis berita pesenan jalanan sejatine wong sing pesen berita kalebu wong culika kang tau nindakake korupsi kanthi jeneng Pak Bangun. Wika rumangsa yen dadi juru warta kudu nulis berita adhedhasar kasunyatan kang ana. Nanging Pak Bangun minangka donatur kang mesthi aweh pambiyantu marang kantore Wika mula Wika antuk jejibahan nulis berita kanggo weneh warta kang becik ngenani *profile* Pak Bangun kang tujuwane kanggo ngundhakake jenenge Pak Bangun kuwi mau. Yen nulis berita isih gumantung saka anane pesenan banjur kepriye carane njejegake rasa adil sing wis dadi tugase juru warta.

## Pepalang sajrone Citrane Wanita Mandhiri ing Bab Pakaryan

Pepalang yaiku sakabehe alangan kang ngrendheti utawa ngganggu saka anane upaya kang ditindakake dening manungsa kanggo nggayuh apa kang dikarepi. Saben upayane manungsa kanggo nggayuh apa kang dikarepi lumrah yen nemoni pepalang kang ora dinuga. Pepalang kasebut bisa gawe kandhege kekarepan utawa malah ora kalaksanan. Alangan bisa tuwuhan saka dhiri pribadhi utawa saka faktor sosial.

## Integritas kang Disepuleake

Integritas mujudake sawijine konsep kang ana gegayutane marang tumindak, nilai-nilai, prinsip kang ditindakae kanthi ajeg. Wong kang nduweni integritas mujudake pribadi kang jujur lan nduweni karakter kang kuwat, saliyane kuwi sifat kang diduweni bisa nuwuhake wibawa. Wong kang nduweni *integritas* ngugemi nilai luhur lan prinsip kanggo nindakake bebener. Tuladhane ora gelem nyogok (*korupsi*). Nalika nindakake samubarang pakaryan, wong integritas nduweni prinsip kanggo dhasar sajrone uripe.

“Kula nulis mboten sakarep kula piyambak. Nanging kanthi dhasar bukti lan dhata ingkang kuwat.”

“Edan...! Pambengoke Pak Nuradi sajak tambah nesu. “Kowe oleh nulis prakara *korupsi*, *nepotisme*, *kolusi* nanging kudune wong liya, aja Pak Bangun!”

“Nanging...”

“Nanging, apa? Aja nongang-nongang, rumangsa pinter dhewe? Aku ngongkon kowe nulis profile Pak Bangun jumbuh karo pesenane. Ora banjur malah gawe ajure perusahaan.”

(Setiyadi, 2019:3)

Pethikan ing ndhuwur nggamarake Pak Nuradi lagi duka marang Wika jalaran tulisane sing ora jumbuh karo pesenan saka asil rapat redaksi. Asil rapat nalika kuwi nemtokake yen bakal nulis *profil* ngenani salah sijine pawongan kang ajeg weneh sumbangan *sponsor* tumrap kantor redaksi panggon kerjane Wika kanthi asma Pak Bangun. Yen nilik Pak Bangun ajeg weneh sumbangan kanggo rembakane kantor mula minangka tandha wales budi, kantor kepengin ngetokake *artikel* kang bisa mbombong manaha. Wika kang kebageyan jejibahan kanggo nulis *artikel* malah nindakake sing suwaliike kanthi tulisan sing isine ngumbar bobroke Pak

Bangun. Tumindak-tumindak ala kang dilakoni dening Pak Bangun kayata nyogok, *kolusi*, lan sapanunggalane katulis sajrone *artikele* Wika.

## Nampa Tumindak Ora Adil

Sawise Wika nyemplung ing jagade jurnalistik, dheweke nemoni kedadeyan-kedadeyan kang ora cocog karo atine. Donyaning jurnalistik ora kaya ang dibayangake. Bayangane Wika yen pakaryan juru warta iki minangka pakaryan kang njunjung profesionalitas, apa kang ditulis dening juru warta bisa weneh pangaribawa gedhe tumrap masyarakat mula saben tulisan ana tanggung jawabe mligine tanggung jawab moral nanging bayangane Wika lan kasunyatan cetha beda.

“Lha ing kene apa Mbak Wika ora bebas anggone nulis?”  
sumelane Arif.

“Kanyatan kaya ngono. Pimpinan redaksi isih durung wani mbukak marang kasus-kasus kang salawase iki ditutup-tutupi. Apamaneh gegayutan karo panguwasa.” (Setiyadi, 2019:36)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen pimpinane Wika ngupaya kanggo nutupi kasus-kasus kang samesthine kudu dibuka supaya dimangerteni masyarakat. Pimpinan kantore Wika kaya-kaya tundhuk marang panguwasa kag nduweni kuwasa gedhe. Para pimpinan ing kantore wedi yen bakal antuk kasangsaran menawa ora manut. Kahanan kuwi ndadekake Wika rumangsa disikapi ora adil. Samesthine Wika bebas anggone nulis warta angger ora nerak *kode etik* wartawan. Nanging tulisane kang cundhuk karo kasunyatan lan apa anane kuwi malah njalari dheweke antuk prakara kang gawe gegere kantor.

## Diincim

Inciman kalebu tumindak kang ora becik lan ora kena ditindakake miturut norma-norma masyarakat nanging yen kadhung tuwuhan prakara kang gedhe inciman iki bisa tuwuhan kaya kung dialami dening Wika sajrone novel Kendhaga Benthet jalaran ana salah sawijine prakara kang bisa ngundang pawongan kanggo ngincim wong liya kaya kaandharake ing ngisor iki.

“...iya iki nomerku sawetara. Awit sing lawas sajake ana sing nyadhap.”

“Disadhap?”

“Iya... awit kantore dhewe mau bengi ana sing mbalang nganggo bata. Bejane kedonangan

satpam banjur wonge mlayu. Awit saka kuwi kowe kudu luwih ngati-ati. Pangiraku iki gegaytan karo tulisanmu sing kepungkur.” (Setiyadi, 2019:31)

Cecaturan ing ndhuwur antarane Wika lan Pak Nuradi. Pak Nuradi meling Wika supaya ngati-ati jalaran telpone Pak Nuradi sajak ana sing nyadhap banjur langsung ganti nomer HP anyar kanggo uwal saka sadhapan. Saliyane kuwi prakara liya kang tuwuhan yaiku kantor panggone Wika kerja dibalang nganggo bata dening wong kang nyubriyani. Kedadegan kasebut dianggep ana gegayutanane karo tulisanane Wika kang kaamot ing koran. Sawise prakara ngenani Pak Bangun, jumedhul pawongan-pawongan kang sajak nyubriyani.

### Cara Mungkasi Prakara

Saben panguripane manungsa mesthi ana alangan kang dumadi saengga ngrendheti lakune urip. Nanging saben prakara kang tuwuhan mesthi bisa dipungkasi. Saben-saben pawongan nduweni cara kanggo mungkasi prakara kang diadhepi sajrone panguripane, tuladhane kaya kaya kang dialami dening paraga utama wanita sajrone novel Kendhaga Benthet. Kepriye wae carane paraga utama wanita kasebut ngrampungi saka sakabehane prakara kang tuwuhan ing uripe mlige ing bab pakaryan. Luwih cethane kaya kaya diandharake ing ngisor iki.

### Tanggung Jawab

Tanggung jawab mujudake salah sawijine titikan wong kang nduweni sikap mandhiri. Sipat kasebut bisa ditemokake ing dhirine Wika. Awit prakara tulisanane kaya ora jumbuh karo pesenan ndadekake ruwet pikiranane nganti anggone nggawa sepedha montor tanpa ngati-ati jalaran pikiranane kaya ora nguwasake dalam banjur nyilakani wong liya kaya lagi mlaku ing pinggiran dalam. Senadyan gawe rugine wong liya, Wika ngrumangsani yen dheweke luput banjur lila kanggo tanggung jawab marang apa kaya wis ditindakake. Wika ngupaya kanggo ngijoli ganti rugi kanthi cara ngramut lan ngopeni simbah sing ditabrak mau banjur diajak menyang omahe lan diwenehi pakaryan yaiku tunggu lan reresik gudhang mebel kaya diduwensi wong tuwane kaya kaya diandharake sajrone pethikan ing ngisor iki.

“Umpami simbah kula ajak manggen ing papan kula kados pundi?”

“Ora... wegah gawe repote liyan.”

“Mangke kula damelaken kamar dhateng celak gudhang kula. Simbah saged melu njaga gudhang lan reresik sakuwate.” (Setiyadi, 2019:65)

Krungu kandhane Wika kang pancen nduweni niyat tulus kanggo mbiyantu uga tanggung jawab, Mbah Somo mung meneng wae dheweke bingung. Yen nampa panjaluke Wika, sumelange mengko yen Wika nduwe kekarepan liya nanging yen nulak dheweke bingung arep manggon ing ngendi jalaran saben dinane mung turut dalan lan ora nduweni sanak lan kadang. Saliyane kuwi anggone Wika weneh kawigaten nganti gawe atine Mbah Somo trenyuh jalaran Wika kaya nganggep Mbah Somo dadi simbahe dhewe.

### Ngadhepi kanthi Wani

Wika kalebu wanita kang mandhiri jalaran anggone ngrampungake prakara kang tuwuhan sajrone panguripane mlige ing pakaryan diadhepi kanthi wani. Wika wani anggone ngadhepi prakara kang dialami senadyan wong kaya diadhepi mujudake wong mbebayani lan nduwe kuwasa gedhe jalarane yaiku Wika ngugemi bebener lan rumangsa ora luput. Bukti kaya ngandharake Wika kendel anggone ngadhepi prakara kacuplik ing ngisor iki.

“Mbokmenawa pancen kaya ngene ngemban jejabahan minangka wartawan. Aku ngerti marang tulisanku sing njalari kahanan tambah kisruh. Nanging, umpama padha ketemu rai, aku ora wedi. Dhata lan bukti wis dakcekel.” (Setiyadi, 2019:33)

Wika ngrumangsani yen anggone dadi juru warta mesthi nuwuhake risiko nanging sakabehe risiko bisa dirampungi. Tuladhane kaya prakara kang lagi diadhepi Wika ngenani tulisanane kaya gawe tatu atine Pak Bangun. Senadyan kaya mangkono kaya aran bebener kudu dibuka. Ala lan apike Pak Bangun wis kaudhal lan dimangerten dening masyarakat. Umpama kudu kapethuk Pak Bangun, Wika ora wedi yen dijaluki tanggung jawab jalaran tulisanane adhedhasar bukti lan dhata kaya kuwat. Wateke Wika kaya kendel kalebu sipat mandhiri kaya ora gumantung marang liya amarga dheweke bisa jejeg lumantar rasa percayane dhewe.

Citrane Wanita Mandhiri ing Neningkanan Sajrone Novel Kendhaga Benthet

Neningkahan yaiku janji setya kang kaiket antarane garwa kanthi dhasar tanggung jawab saka kekarone. Miturut pasal 1 Undang-Undang No 1 tahun 1974 ngenani neningkahan, diandharake yen neningkahan yaiku ikatan lair batin antarane wanita lan priya minangka bebojoan kang nduweni tujuwan mangun kulawarga utawa bale wisma kang tentrem lan bagya.

Neningkahan dumadi saka loro cara yaiku adhedhasar rasa tresna lan neningkahan adhedhasar jejodhoan. Jejodhoan yaiku neningkahan kang diatur dening wong tuwa utawa sanak kadang, umume jejodhoan ditujuake kanggo wanita (Zaidi lan Shuraydi, 2002).

### **Wujud Citrane Wanita Mandhiri ing Bab Neningkahan**

Wujud citrane wanita mandhiri sajrone novel *Kendhaga Benthet* kagambar lumantar sakabehane kegiyatan lan tumindake paraga utama wanita mligine ing bab neningkahan kalebu aspek kang ana gegayutane karo garwa lan anake. Digambarake Wika nduweni kabebasan anggone nemtokake uripe, bisa dideleng saka dheweke kang ora dijodhokake anggone nemtokake kaputusane kanggo milih garwa. Wika kepengi nduweni kulawarga kang tentrem lan bagya, mula dheweke ora gelem yen kudu diolehake. Wujud citrane wanita mandhiri ing bab neningkahan, yaiku ora dijodhokake.

Jejodhoan mujudake tradhisi kang asring ditemoni ing jaman biyen. Jejodhoan yaiku neningkahan kang diatur dening wong tuwa utawa sanak kadang tanpa anane rasa tresna saka kekarone pasangan kang bakal dikawinake. Jejodhoan dumadi jalaran prakara kalungguhan lan harta. Anane panemu kang ngunggulake pangkat utawa kalungguhan. Tradhisi jejodhoan pungkasane bisa nuwuhake crita kang dadi bebungah nanging ora saithik kang dadi crita nelangsa. Saliyane kuwi budaya patriarki uga dadi salah sijine bab kang nyengkuyung tradhisi jejodhoan jalaran wanita dianggep kudu manut marang wong tuwa lan wekasane kudu bisa leladen marang garwane. Wika dudu wanita kang ngalami tradhisi jejodhoan. Wong tuwane kalebu wong tuwa kang menehi kabebasan marang Wika kanggo nemtokake uripe. Wika nduweni pawongan kang sing ditresnani yaiku Sugiyono. Senadyan sesambungane Wika lan Sugiyono ora direstuni wekasan kekarone bisa sesandhingan. Gegambarane kaya kacuplik ing ngisor iki.

...tresnane marang  
Sugiyono nalika semana pance  
ora disarujuki wong tuwa. Awit  
dening bapakne bojone dianggep

kemaki, urakan lan wewatekane atos. Ewadene awit saka gedhene katresnan tresna kuwi terus lumaku nganti bisa *ijab khobul...*  
(Setiyadi, 2019:15)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen sejatine wong tuwane Wika ora weneh restu marang anake kang sesambungan karo Sugiyono jalaran rumangsa yen bapake Sugiyono nduweni wewatekan kang atos lan kemaki. Dhasar wong tuwane Wika kalebu wong kang taberi lan beneh mula nduweni kekarepan yen Wika bisa ngolehake bojo kang becik sipat lan asal-usule. Sasuwene suwe rasa tresnane Wika marang Sugiyono ora bisa diudhari. Wika lan Sugiyono tetep ngraketake sesambungane jalaran ora diwenehi pangestu. Wekasan wong tuwane Wika milih ngalah kanggo mulyakake anak ontang-antinge. Kasembadan anggone Wika lan Sugiyono bisa sesandhingan.

### **Motif kang Njalari Citrane Wanita Mandhiri ing Bab Neningkahan**

Salah sijine kahanan saka dhirine manungsa kang weneh daya kanggo ngobahake utawa nyalurake tumindak ing arah kanggo nggayuh tujuwan-tujuwan kang dikarepi utawa dibutuhake kaaran motif. Motif tuwuh saka dhirine saben-saben individu kanthi sadhar lan ora sadhar gumantung saka kahanan tartamtu kang gegayutan karo psikologine saben individu. Motif uga bisa tuwuh jalaran anane kabutuhan. Motif-motif kasebut kang ndadekake saben-saben manungsa nindakake kekarepane.

Motif utama kang njalari wanita mandhiri ing bab neningkahan, yaiku rasa tresna marang garwa. Mangun bale wisma kang bagya landhesane yaiku rasa tresna kang tuwuh antarane kekarone wong kang nglakoni. Senadyan akeh sesomahan kang kawangun jalaran jejodhoan nanging luwih maremake yen mangun bale wisma dibarengi wong kang ditresnani. Yen padha-padha tresna, menawa tuwuh padudon cepet anggone lerem jalaran ngelingi yen padha tresnane banjur bisa ngalah.

Kaya dene Wika kang milih calon bojone adhedhasar rasa tresnane marang Sugiyono. Sugiyono kang kasil dadi garwane Wika nduweni wewatekan sabar lan ngalah. Mula Wika weneh rasa marang Sugiyono nalika wiwit pacaran lan kepengin sesomahan bareng Sugiyono. Wateke Sugiyono kang nriman nalika ngadhepi Wika dadi salah sijine alesane Wika milih Sugiyono. Gegambaran sipat lan watak wantune Sugiyono kang dadi alesane Wika yakin milih Sugiyono minangka garwa kaya kang diandharake pethikan ing ngisor iki.

"Ya wis Mas, mengko tekan omah dipikir bareng-bareng. Aku matur nuwun kowe bisa nduweni wewatekan kang sabar marang polahku salawase iki."

"Kanggoku sing baku kowe ora neka-neka. Minangka wong lanang bisaku mung aweh kapercayan lan katresnan. (Setiyadi, 2019: 111)

Cecaturan ing ndhuwur nuduhake yen Wika atur panuwun marang Sugiyono jalaran sasuwene iki bisa sabar lan nrima nalika ngadhepi Wika. Wika ngrasa beja nduweni garwa kaya Sugiyono kang bisa weneh panyengkuyung saka apa wae kang ditindakake dening bojone. Saliyane kuwi Sugiyono asring weneh piweling marang Wika kanggo ngati-ati sajrone nindakake pakaryane kang nduweni risiko gedhe. Kabeh panyengkuyunge Sugiyono minangka wujud katresanane marang garwane. Sipate Sugiyono kang kaya mangkono njalari Wika weneh rasa tresna kang gedhe.

#### Pepalang sajrone Citrane Wanita Mandhiri ing Bab Neningkahan

Pepalang yaiku sakabehe alangan kang ngrendheti utawa ngganggu saka anane upaya kang ditindakake dening manungsa kanggo nggayuh apa kang dikarepi. Saben upayane manungsa kanggo nggayuh apa kang dikarepi lumrah yen nemoni pepalang kang ora dinuga. Pepalang kasebut bisa gawe kandhege kekarepan utawa malah ora kalaksanan. Alangan bisa tuwuhan saka dhiri pribadhi utawa saka faktor sosial. Pepalang kang dialami dening Wika minangka paraga utama wanita sajrone neningkahan bakal dijentrehake ing ngisor iki.

#### Ora Cocog antarane Mantu lan Maratuwa

Nalika nemtokake kanggo nresnani pawongan kang dianggep dadi kanca urip salawase utawa sajrone neningkahan kanthi tulus, tegese kudu bisa nrima lan nresnani kulawargane uga. Yen ndeleng kanyatan sosial akeh ditemoni antarane mantu lan maratuwa kang ora cocog banjur tuwuhan padudon. Kalorone ora sungkan anggone nuduhake dredahe kanthi cara tinarbuka utawa gamblang lan ana kango mung mendhem sesingidan nanging nyimpen rasa sengit.

...lagi telung sasi manggon ing omahe Wika, bojone kakean polah. Karemene nalika isih legan kumat. Nalika ketemu kanca-kancane banjur omben-omben nganti mendem. Weruh kahanan

kaya ngono kuwi mesthi wae Pak Parlan rumangsa wirang. Sugiyono diunen-unen nganti entek ngamek kurang golek. Campuhe pasulayan gawe lungane Sugiyono saka omahe maratuwa. (Setiyadi, 2019:15)

Pakulinane Sugiyono nalika isih bujang pancer seneng mendem karo kanca-kancane. Sawise kenal Wika pakulinan alane rada kesuda nganti ora tau dilakoni maneh amarga rumangsa ora nduweni manfaat. Sabanjure omah-omah bareng maratuwa, ora dinya karemene Sugiyono kumat lan mbaleni mendeman maneh. Mangerten iki Sugiyono tumindake ala banjur Pak Parlan muring lan kawetu unen-unen kang nglarani atine Sugiyono. Sugiyono ora bisa weneh pangerten lan ora nyepurani apa kang ditindaake dening maratuwane kang gawe tatu atine Sugiyono kang wekasan gawe oncate saka omahe Wika.

#### Kethetheran

Panggaweyane Wika dadi juru warta mbuthuhake wektu lan tenaga kang gawe repote saben dina. Durung maneh kahanan antarane bojone lan bapake Wika kang kurang kepenak nambahi karepotane. Kahanan maratuwa lan mantu kang kurang kepenak ndadekake Wika kudu omah-omah dhewe ninggalake wong tuwane kamangka Wika dhewe minangka anak ontang-anting kang kudune bisa weneh kawigaten kang ora kurang. Mangerten kahanan kang durung nemoni jluntrunge, Wika kapeksa kudu wira-wiri kontrakan lan omahe wong tuwane. Wekasan kang dadi korbane yaiku anak-anake Wika kang kurang kawigatene ibune kang kethetheran anggone merang wektune kanggo ngopeni bojo, anak-anake, wong tuwane uga kanggone makary.

"Dakkira bocah-bocah mengko bakal ngerti. Pancen dadi wartawan panggawean playon. Apamaneh saiki simbahe ora ana sing ngrewangi. Yah... sepurane aku umpama gawe repotmu." (Setiyadi, 2019:22)

Pethikan ing ndhuwur mujudake alesan kang nalika kuwi Wika pancer lagi repot lan kudu playon awit akeh kang kudu diurus. Wika yakin yen bakale anak-anake mujudake anak kang pangerten marang kahanane wong tuwa mula dheweke yakin yen anak-anake bisa maklumi. Saliyane kuwi kahanane wong tuwane uga ora bisa dilarwaake. Wong tuwane mung urip

wong loro luntang-luntung, ora ana kang ngrumat kejaba Wika dhewe kang minangka anak tunggal gegondhelane ati wong tuwa.

### Cara Mungkasi Prakara

Saben panguripane manungsa mesti ana alangan kang dumadi saengga ngrendheti lakune urip. Nanging saben prakara kang tuwuhan mesti bisa dirampungi. Saben-saben pawongan nduweni cara kanggo mungkasi prakara kang diadhepi sajrone panguripane, tuladhane kaya kang dialami dening paraga utama wanita sajrone novel *Kendhaga Benthet*. Kepriye wae carane paraga utama wanita kasebut ngrampungi saka sakabehane prakara kang tuwuhan ing uripe mliline ing neningkahan, salah sijine yaiku tumindak adil.

Adil mujudake sikap utawa tumindak kang bisa manggonake sakabehane kanthi imbang, ora miyah salah siji, lan pener anggone tumindak laras karo kabutuhane adhedhasar bebener. Yen tumindak adil bisa kalaksanan bisa gawe tentreme ati. Tumindak adil bisa dilakoni dening sakabebe pawongan kalebu paraga Wika sajrone novel *Kendhaga Benthet* nalika kudu ngadhepi prakara kang tuwuhan sajrone panguripane. Prakara kasebut yaiku ora cocoge antarane bojone lan bapake saengga ndadekake dheweke kudu kethetheran kanggo merang wektu lan kawigatene nanging kang utama Wika ngupaya adil tumrap anak-anake supaya antu kawigaten lan welas asih saka dheweke. Gegambarane bisa dideleng sajrone pethikan ing ngisor iki.

...dene ana wektu longgar Wildan lan Haston diajak mlaku-mlaku. Tumrape Wika sing baku anak-anake seger waras lan katurutan apa sing dadi panjaluke. Satemene kahanan kaya ngono kuwi sing nganti gawe bingunge Wika. Siji wong tuwa dene siji anak bojo. (Setiyadi, 2019:20)

Pethikan ing ndhuwur mujudake kegiyatane Wika nalika nduweni wektu kang longgar kanggo nuruti kekarepane anak-anake kang kepengin mlaku-mlaku. Wika sadhar yen sasuwene wis lirwa marang anak-anake jalaran luwih meningake penggaweyane kang nguras tenaga lan wektune. Saliyane kuwi kahanane wong tuwa kang ora urip saomah karo Wika ndadekake dheweke tambah repot. Mula yen ana wektu kang longgar saka penggaweyane Wika langsung ngajak anak-anake dolan.

### Citrane Wanita Mandhiri ing Kulawarga sajrone Novel Kendhaga Benthet

Miturut Santoso (2011) kulawarga yaiku sawijine sistem sosial paling cilik kang kaiket saka anane *sesambungan darah*, neningkahan, utawa *adopsi*. Kulawarga manggon ing salah sawijine papan panggonan lan dipimpin dening kepala kulawarga. Kulawarga nduweni *interaksi* antarane siji lan sijine kanggo mertahanake peranane ing satengahe masyarakat.

### Wujud Citrane Wanita Mandhiri ing Bab Kulawarga

Wujud citrane wanita mandhiri sajrone novel *Kendhaga Benthet* kagambar lumantar sakabehane kegiyatane lan tumindake paraga utama wanita mliline ing bab kulawarga kalebu aspek kang ana gegayutane karo wong tuwane. Kacritaake Wika minangka anak ontang-anting sajrone kulawargane. Anak tunggal dadi gondhelane ati wong tuwa supaya bisa mulyakake lan ngluhurake. Wika mangerten yen dadi anak nduweni tanggung jawab kanggo ngopeni lan ngrumat nganti tuwa apa maneh Wika minangka anak tunggal, ora ana sing bisa diandhelake kejaba dheweke. Wujud citrane wanita mandhiri ing bab kulawarga yaiku mbiyantu ekonomine kulawarga.

Wis dadi jejibahan tumrape anak kanggo weneh kawigaten lan mulyakake wong tuwa. Bektine anak minangka walese budi saka apa kang dilakoni wong tuwa marang anake nalika isih cilik. Males budine wong tuwa ditindaake dening Wika sajrone novel *Kendhaga Benthet*. Dheweke ngrasa yen dadi anak kudu bisa bekti marang wong tuwane. Durung maneh Wika mujudake anak ontang-anting. Gelem ora gelem dheweke kang kudu tanggung jawab ngrumat wong tuwane.

"Ya wis mengko dakrewangi Pak, supaya dadi akeh aneh sing pesen."

"Caramu kepiye?" Pak Parlan sajak bingung.

"Bisa liwat *internet*. Pokoke bapak kudu terus makarya supaya perusahaan ora mandheg."

(Setiyadi, 2019:18)

Pethikan kasebut nuduhake wujud upayane Wika kang kepengin nulungi usahane bapake kang wiwit sepi. Wika njajal nawaake dagangan mebele bapake lumantar *internet*. Pangajabe Wika menawa dagangane bapake ditawaake lumantar *internet*, wong saka dhaerah ngendi wae bisa ngerten ian sukur-sukur bisa pesen lan tuku. Sasuwene iki pancen anggone dodolan kanthi cara kang tradhisional utawa lambe saka lambe mula sing weruh mung wong-

wong saka dhaerah sacedhake omahe Wika wae. Tumindake Wika mujudake sipat *inisiatif*. Sipat kasebut kalebu salah sijine sipat kang diduweni dening wong kang mandhiri.

#### Motif kang Njalari Citrane Wanita Mandhiri ing Bab Kulawarga

Motif mujudake aspek kang dadi pawadan, jurungan saka dhirine manungsa kang nyebabake manungsa kasebut nindakake samubaran tumindak. Sakabehe tindak tanduk manungsa bisa dumadi kanthi sadhar utawa ora sadhar. Pangaribawa saka lingkungan uga bisa dadi dhasar saka anane motif kang nuntun menyang kamareman utawa rasa seneng. Anggone nggayuh pepenginane bisa kanthi cara ngati-ati utawa malah semabarangan. Bab kasebut gumantung saka saben-saben individu.

Sing dikarepake motif ing panliten iki yaiku samubaran kang dadi dhasar utawa alesan pawongan nindakake urip kanthi mandhiri mliline ing bab kulawarga sajrone novel Kendhaga Benthet yaiku rasa welas marang wong tuwa.

Rasa welas mujudake rasa mesakake marang liyan lan bisa dijalari saka rasa tresna kang tuwuhan marang pawongan kang diwelasi. Rasa welas dumadi ing saben-saben dhirine manungsa nalika mangerteni saperangan kahanane kang lagi dialami dening wong liya kang diwelasi. Gegambaran rasa welas bisa dideleg lumantar paraga Wika sajrone novel *Kendhaga Benthet*. Rasa welas kang dialami dening paraga kasebut mujudake rasa welas kang katuju marang wong tuwane jalaran mung Wika kang dadi gegondhelane ati amarga dheweke mujudake anak ontang-anting.

Weruh kahanan omah dadi sepi, thukul rasa welase Wika marang wong tuwane. Kudune anak siji sing digadhang-gadhang bisa gawe senenge wong tuwa malah ngetutake bojo. Pikire, saiba banget sedhihe wong tuwane sing mung urip kijenan wong loro... (Setiyadi, 2019:17)

Pethikan ing ndhuwur mujudake rasa welase Wika nalika ndeleng kahanane omahe wong tuwane kang malih sepi. Pancen sawise rabi Wika ngetutake bojone kanggo manggon ing omahe maratuwa awit tuwuhe padudon antarane Sugiyono lan bapake Wika kang gawe lungane Sugiyono saka omahe maratuwa. Kahanan kasebut njalari Wika kudu pisah karo wong tuwane. Wika ngrasa luput jalaran dheweke ora bisa ngancani wong tuwane kang umure wis ngunduri tuwa. Mulane kanggo ijole dheweke

kang ora bisa ngancani saben wayah Wika kepengin bisa mbiyantu wong tuwane kanggo ngewangi usaha mebele kang lagi sepi.

#### Pepalang sajrone Citrane Wanita Mandhiri ing Bab Kulawarga

Pepalang yaiku sakabehe alangan kang ngrendheti utawa ngganggu saka anane upaya kang ditindakake dening manungsa kanggo nggayuh apa kang dikarepi. Saben upayane manungsa kanggo nggayuh apa kang dikarepi lumrah yen nemoni pepalang kang ora dinuga. Pepalang kasebut bisa gawe kandhege kekarepan utawa malah ora kalaksanan. Alangan bisa tuwuhan saka dhiri pribadhi utawa saka faktor sosial. Pepalang kang dialami dening Wika minangka paraga utama wanita sajrone kulawarga bakal dijentrehake ing ngisor iki.

#### Dipaeka Wong Liya

Dipaeka mujudake kahanan lagi antuk tumindak ala dening wong liya. Tumindak kasebut tuladhane kaya nyilakani utawa digawe rugi dening wong liya. Panyebab pawongan bisa nyilakani jalaran ana maksud tartamtu kang ora apik. Dipaeka dening wong liya dialami dening wong tuwane Wika sajrone novel *Kendhaga Benthet*. Pawongan kang sajak nduwensi niyat ala gawe rugine wong tuwane Wika kanthi cara ngebong gudhang kang dianggo usaha mebel. Ora dimangerteni sejatine sapa lan apa tujuwane gawe tunane wong tuwane Wika.

"Piye Lik kok nganti kaya ngene iki mau?"

"Lagi enak-enak turu mbok wedok bengok-bengok jare ana wong loro nggawa jrigen isi bensin banjur ngobong gudhang iki. daktututi malah wonge wis ngeblas numpak sepedha motor. Bejane kedonangan, umpama ora sida entek gudhang iki. (Setiyadi, 2019:26)

Pethikan ing ndhuwur nggamarake panjlentrehane Lik Giyo kang mangerteni gudhange Wika kang kobong. Nalika kuwi bojone Lik Giyo kang wis tangi kanggo miwiti cethik geni arep masak ngertenien yen ing ngarep gudhang ana pawongan cacahe loro nggawa jrigen kang isine bensin. Ora suwe tuwuhan keluk saka gudhang kasebut mbarengi playune wong sajak nyalawadi mau kang ngeblas numpak sepedha motor. Bejane kedadeyan kobongan kasebut bisa dikonangi, yen ora bisa-bisa geni mrambah menyang omahe Wika lan nyilakani wong saomah kalebu bapak lan ibune.

### Cara Mungkasi Prakara

Saben panguripane manungsa mesti ana alangan kang dumadi saengga ngrendheti lakune urip. Nanging saben prakara kang tuwuhan bisa dirampungi. Saben-saben pawongan nduweni cara kanggo mungkasi prakara kang diadhepi sajrone panguripane, tuladhane kaya kaya dialami dening paraga utama wanita sajrone novel *Kendhaga Benthet*. Kepriye wae carane paraga utama wanita kasebut ngrampungi saka sakabehane prakara kang tuwuhan ing uripe mligine ing kulawaragane. Luwih cethane kaya kaya diandharake ing ngisor iki.

### Nglawan

Nglawan mujudake cara, upaya, lan tumindak kanggo njaga kahanan awake dhewe saka bebaya utawa tumindak kang gawe rugi saka liyan. Panyebab anane tumindak nglawan yaiku jalaran saka kekarepan kang ora gathuk, anane tumindak saka wong liya kang gawe rugi, sikap ora adil utawa sawiyah-wiyah, lsp. Wujud tumindak nglawan ana loro yaiku nglawan kanthi cara *kekerasan* lan nglawan tanpa *kekerasan*. Nglawan kanthi cara *kekerasan* tegese nglawan dibarengi nyilakani utawa gawe ciderane wong liya dene nglawan tanpa *kekerasan* mujudake anane tumindak nglawan tanpa gawe cilakane liyan kayata praktik simbolik kang tujuwane kanggo ngowahake maksud utawa kekerepan pawongan kang dilawan.

“Mandheg..!” pambengoke  
Wika karo sajak gemeter. “Sapa  
kowe terus gawe cilakaku.  
Menawa lanang duduuhna rupamu  
aja koktutupi terus.” (Setiyadi,  
2019:104)

Pethikan ing ndhuwur mujudake Wika kung ora wedi kanggo ngadhepi pawongan nyalawadi kang sasuwene iki ngincim dheweke. Bola-bali anggone Wika ditutake. Wika yakin yen pawongan kang sajak mbuntut lakune ana gegayutane karo kedaeyan gudhang kang kobong. Nalika ngincim ing wektu sadurunge Wika kasil mlayu lan bisa nylametake nyawane, dene nalika kuwi pawongan kasebut diadhepi kanthi kendel.

### Panutup

#### Dudutan

Asil panliten kang wis dijlentrehake ing bab andharan ngemu telung prakara, yaiku kang kapisan ngandharake citrane wanita mandhiri ing bab pakaryan, banjur citrane wanita mandhiri ing bab neningkahan, lan pungkasen ngenani citrane wanita mandhiri ing bab kulawarga. Paraga utama wanita sajrone novel *Kendhaga Benthet*

anggitane Tulus Setiyadi digambarake minangka wanita kang nduweni citra mandhiri dideleg saka patang aspek yaiku wujud, motif, pepalang, lan cara mungkasi prakara sing diadhepi dening paraga Wika. Saka telung underan kasebut aspek kang paling cetha lan paling kuwat dayane kanggo nggamarake citrane wanita mandhiri yaiku ing aspek pakaryan.

Wika minangka paraga utama wanita bisa diarani wanita mandhiri jalaran dheweke nduweni pakaryan dhewe saengga uripe ora gumantung karo wong liya. Bab kasebut minangka wujud saka citrane wanita mandhiri saliyane upayane kanggo ngangsu kawruh. Dadi wanita mandhiri ora ndadekake dheweke ora ngurmati wong lanang, dheweke uga mbutuhake anane pawongan kanggo sesandhingan. Kabukteake yen Wika anggone rabi ora jalaran dijodhokake dening wong tuwane. Adhedhasar rasa tresna marang garwane dadi motif kanggo nggayuh kulawarga kang bagya. Bab iki dadi tandha uga minangka jlentrehan saka aspek mandhiri ing bab neningkahan. Wika dudu wanita tradisional kang kabebasane diatur dening wong tuwa lumantar jeodhoan. Dene wujud mandhiri ing bab kulawarga bisa dideleng anggone Wika kang kasil mulyakake wong tuwane kanthi cara nggawe usaha mebele wong tuwa tambah laris. Saliyane kuwi panyebab kang ndadekake Wika mandhiri sajrone bab kulawarga jalaran Wika minangka anak ontang-ting sing tegese Wika dadi anak siji-sijine kang dadi gegondhelane ati wong tuwane.

### Pamrayoga

Panliten tumrap novel *Kendhaga Benthet* anggitane Tulus Setiyadi iki mung munjerake ing babagan citrane wanita mandhiri kang kagambar lumantar paraga utama wanita sing dionceki nganggo teori Feminisme. Mula ora nutup kamungkinan yen bisa ditliti maneh nggunakake tintingan kang beda. Panliten iki mujudake jangkah wiwitang anggone nliti karya sastra kang sabanjure bisa dadi dalam kanggo ditliti maneh kanthi luwih jeru.

Diajab panliten iki bisa dadi bahan rujukan sajrone pasinaon sastra mligine ngenani Feminisme. Pamaca bisa ngiloni awake dhewe sajrone tumindak sing samesthine bisa gawe manpaat tumrap wong liya. Saliyane kuwi panliten iki bisa dadi gegambaran utawa inspirasi sajrone tumindak supaya bisa urip kanthi cara mandhiri lan percaya marang awake dhewe.

### Kapustakan

Arikunto, Suharsimi. 2002. Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek. Jakarta: Rineka Cipta.

- Arikunto. 2010. Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaplin, J P. 2011. Kamus Lengkap Psikologi. Jakarta: Rajagrafindo Persada.
- Darni. 2015. Kekerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism. Surabaya: Unesa University Press.
- Endraswara, Suwardi. 2011. Metode Penelitian Sastra. Yogyakarta: Pustaka Media Tama.
- Fakih, Mansour. 2013. Analisis Gender dan Transformasi Sosial. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ghufron Nur M. dan Risnawita Rini. 2012. Teori-Teori Psikologi. Jogjakarta: Ar-Ruzz Media.
- Irwan, Abdullah. 1995. Reproduksi Ketimpangan Gender Partisipasi Wanita dalam Kegiatan Ekonomi. Prisma Majalah Kajian Ekonomi dan Sosial. LP3ES.
- Jabrohim. 2012. Teori Penelitian Sastra. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Muslikhati, Siti. 2004. Feminisme dan Pemberdayaan Perempuan dalam Timbangan Islam. Jakarta: Gema Insani Press.
- Umar, Nasaruddin. 2010. Argumen Kesetaraan Gender. Jakarta: Dian Rakyat.
- Putnam Tong, Rosemarie. 2015. Feminist Thought Pengantar Paling Komprehensif kepada Arus Utama Pemikiran Feminis. Yogyakarta: Jalasutra
- Ratna, Nyoman Kutha. 2007. Sastra dan Cultural Studies Representasi Fiksi dan Fakta. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Setiyadi, Tulus. 2019. Kendhaga Benthtet. Lamongan: Pustaka Ilalang Group.
- Siswantoro. 2005. Metode Penelitian Sastra: Analisis Psikologis. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Stellarosa, Yolanda dan Silaban, Martha Warta. 2019. Perempuan, Media, dan Profesi Jurnalis. (Volume 7 No. 1). Jakarta. Jurnal Kajian Komunikasi.
- Sugihastuti. 2010. Gender dan Inferioritas Perempuan. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sugihastuti, dan Suharto. 2015. Kajian Sastra Feminis Teori Dan Aplikasinya. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sugiyono. 2014. Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D. Bandung: Alfabeta.
- Sumadiria, Haris. 2005. Jurnalistik Indonesia, Menulis Pawarta dan feature, Panduan Praktis Jurnalis Profesional. Bandung: Simbiosa Rekatama Media.
- Sutopo, H.B. 2002. Metodologi Penelitian Kualitatif. Dasar, Teori, dan Terapannya dalam Penelitian. Surakarta: Sebelas Maret University Press.
- W.J.S Poerwadarminta. 1990. Kamus Umum Bahasa Indonesia, P.N Balai Pustaka, Jakarta.

